*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 18 (7388) РУЗМАН 3 май 2024 сон

12+

ИХДАЛИЛ ВА ЗАХIМАТАЛЪУЛ БАЙРАМ

## Районалъул бетIерасул барки




ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула киназдаго гьаб ихдалилаб ва захIматалъулаб байрам – l Май.

ТIолалго гIелазе гIаммаб гьаб байрамалъ жанибе бачуна халкъалъул цолъи ва гъунки, ихги тIаде щвараб, тIабигIатги цIилъараб заманалда тIобитIулеб гьаб байрамалъ данде гьарула унго-унгоял жидер хIалтIиги лъалел, ритIухъал гIадамал. Дун чIухIарав вуго нилъер ракьцоял жидерго хIалтIул гъунаралъ кидаго церетIурал рукIанин ва ругин абизе рес букIиналдаса.

Гьаб гьайбатаб байрам къоялъ хасаб баркала кьезе бокьун буго гIумруялъ гIетIги тIун хIалтIун жакъасеб къо гIуцIарал хIалтIул ветераназе, гьединго метерисеб къо гIуцIулаго жакъа къоялъ хIалтIулезеги.

Киназего гьарула байрамалъулаб рекIелгъей, цIиял борхалъабазде рахине икъбал, гьединго ракълилаб зоб.

*ХIурматгун,*
*«ЧIарада район» МОялъул бетIер*
***М.ГI. МУХIАМАДОВ***

## Лъималазул суратал



ТIоцебесеб Маялъул хIурматалда районалда бугеб тIадеги лъай кьеялъул идараялъул цIалдохъабаз рахъана суратал. ИЗОялъул отделалъул мугIалимасул нухмалъиялда гьезда лъала пачалихъалъул аслиял байрамазул хIакъалъулъ ва жидецаго рахъарал суратазда лъималаз загьир гьабула ВатIаналдехун ва гьелъул тарихалдехун бугеб рокьи.

БАЙРАМАЛДЕ ХIАДУРЛЪУЛАГО

## Бергьенлъиялъул къоялде

**9 май – гIемерисезул ракIазулъ цо хасаб гьелегьигун, лъикIаб хIадурлъигун, батIияб рокьигун тIобитIулеб байрам буго.**





КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон кIодо гьабизе ЧIарада районалда хIадурлъи гьабизе байбихьана апрелалъул кIиабилеб бащалъудасанго. Райцентралда Бергьенлъиялъул къоялде аслиял тадбирал тIоритIулеб культураялъул кIалгIаги сверухъ бугеб азбарги цебеккунго хIадур гьабуна культураялъулги библиотекаялъулги хIалтIухъабаз: рагъда гIахьаллъаразул памятник, гьелда сверухъ бакI, минаялъул сверухъ забор – кинабго лажбар бахун, хьахI гьабун, баннераз къачIан, Бергьенлъиялъул байрахъ эхетун, палхIасил, тIаде щварал гьалбалги ракьцоялги разиго хутIулеб хIалалъ хIадур гьабуна.

## Рагъухъанасде кагъат

ТIолгороссиялъулаб «Фронтовые письма» акциялъулъе журан ЧIарада районалъул «Движение первых» гIуцIиялъул хIаракатчагIаз СВОялда гIахьаллъи гьабулел солдатазухъе кагътал хъвана.

ВатIан цIунулездехун жидерго ракI-ракIалъулаб баркалаги загьир гьабун лъимал гьираялда журана кагътал хъвазе. Жидерго саламалъулъ гьез киналго рагъухъабазе гьарулеб буго щулияб сахлъиги, рагъда цIуниги, тIаде ккараб къо борхун, бергьенлъиги босун, хехго рокъоре руссине.

ЦIалдохъабаз хъварал кагътал отпускалъе рачIарал рагъухъабазда цадахъ гуманитарияб кумекгун СВОялъул зонаялде ритIизе руго.

Гьаб «Фронтовые письма» акциялъ лъималазе рес кьуна солдатазе салам, ракIгъей гьабизе гуребги, жакъасеб хIакъикъат бичIчIизеги, захIматаб, амма чара гьечIого хIажатаб ВатIан цIунулезул хъулухъалъулги лъазе.

Гьаб рахIат хвараб заманалда щивав чияс квербакъи гьабизе ккола гIумруялда барахщичIого ВатIан цIунулел ругел бахIарчияз бихьиназе.



БАЙРАМАЛДЕ ХIАДУРЛЪУЛАГО

# «Георгиевская лента» акция



Администрациялъул минаялъуб ва майданалда щибаб соналда гIадатлъун билълъараб «Георгиевская лента» акция тIобитIана «Движение первых» багъариялъул хIаракатчагIаз.

Гьеб акциялъул тадбиралда рагъулаб ретIелги ретIарал районалда бугеб тIадеги лъай кьеялъул идараялъул цIалдохъабаз администрациялъул хIалтIухъабазул ва майданалда дандчIваразул каранда ххолел рукIана рагъулаб къадруялъул гIаламат – «Георгиевская лента».

Советияб халкъалъул хвел гьечIеб гъунар ракIалде щвей хIисабалда гъаб акция тIобитIулеб буго ВатIаналъе рухI къурал рагъухъаби кIочончIого, кинабго рагъул камиги кьогIлъиги хIехьарал, бахIарчиго нацистазулаб Германиялъул ва чIукIнаял пачалихъазул зулму нахъе чIварал умумузул хIурматалда.

КИДАНИГИ КIОЧЕНАРО

# ЛъикIал гIадамал ракIалде щвеялъе



Мусаев ГиралхIажи гьавуна ЧIарада районалъул ЦIулда росулъ. 1912 соналда гьев лъугьана гьитIинго лъай бугев, гIакълу, гIамалхасият рекъарав жигарав гIолилавлъун, гIадамазе кидаго кумекалъе хIадурун чIарав.

ГиралхIажияс гIахьаллъи гьабуна Москваялда, Петербургалда революциялъулал тунка-гIусиязда.

1935 соналда хIалтIана Рилъаб районалъул (Чачаназда) нухазул отделалъул начальниклъун.

1936 соналда хIалтIана ЦIулда росдал Чапаевасул цIаралда бугеб колхозалда.

1937 соналда хIалтIана Гъуниб районалда окружкомалъул председательлъун.

1940 соналдаса 1948 соналде щвезегIан хIалтIана ЦIулда росдал Советалъул председательлъун.

Гьев вукIана жигарав, кIвахI гьечIев хIалтIухъанлъун, кив хIалтIаниги гьес ракIбацIцIадго тIуразаруна захIматчагIазул мурадал. Гьединал церехъаби нилъеда киданиги кIочон теларо.

***ХI. ГIУМАРОВ***

# БахIарзазул цIарал цIуне

Районалъул школаз гIахьаллъи гьабуна тIолгороссиялъул рагъулабгун ВатIан бокьи цIикIкIинабиялъул «Верни герою имя» акциялда. Гьелда бан Кьорош росдал школалда тIобитIана «БахIарчилъиялъул дарс». Гьенире рачIана гьеб школалда цIаларал гьанже СВОялда гIахьаллъи гьабулел кьорошисезул улбул ПатIимат ХIажиева ва Алпият МухIамадова.





Дарсида гIахьаллъаразда бичIчIана рагъул захIмалъиги бакIлъиги. Гьезие бицана КIудияб ВатIанияб рагъда, СВОялда ва цогидалги рагъазулъ гIахьаллъи гьабурал ва бахIарчиго рагъарал ракьцоязул хIакъалъулъ.

Солдатазул улбуз бицана лъимализда хадуб бугеб рекIел рахIатхвеялъул, амма кинабгоги бахчун къвакIун чIеялъул кIваралъулги. Кинабха рекIел хIал букIунеб эбелалъул лъалаго рагъде вас тIовитIулелъул, кин бугониги, ракълилаб рахIат цIунизе гIоло ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъул хIажалъи цебе букIин бицана гьез.

Тарбияталъулаб лахIзаталда мугIалимзабаз бичIчIи кьуна кIудиязул гьабизе ккараб адабалъул, хасго, гIумруялда барахщичIого, бергьенлъиялъе гIоло рагъулел солдатазул улбузул хIурмат ва тIалаб гьабизе ккеялъул.

Дарсил ахиралда кIудияз ва гьитIиназ ВатIаналъе гIоло рухI кьуразеги гьабсагIат хъулухъ гьабулезеги гIаммаб дугIа гьабуна.

ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ УЧАСТНИКОВ СВО

# Время героев




«Время героев» даёт шанс участникам СВО стать управленцем в органах государственной власти или государственных компаниях.

Кто зарегистрировался, но не смог пройти тестирование из-за боевых действий, может это сделать во время отпуска.

С 22 апреля можно было записаться на тестирование в Ростове-на-Дону и Симферополе, а с 15 мая к этому списку добавятся ещё 43 города.

Больше информации в карточках и на сайте.

БАРАКАТАБ МАЖЛИС

# БукІинеселъе багъа гъечІеб квербакъи



ЦІуриб школалъул азбаралда тІобитІана «БукІинеселъе багъа гъечІеб квербакъи» абураб цІаралда гъорлъ гІалимзабаз гІахьаллъи гьабураб мажлис. Гьенир данделъана гьабуна Муфтиясул заместитель ГІабдула Салимов, мугІрузул районазда вугев Муфтияталъул вакил ГІалиасхІаб Разакъов, районалъул бетІер МухІидин МухІамадов, маданияталъул ва лъай кьеялъул отделалъул начальник Шамиль МустІапаев, КІикІуни росдал имам ХІасан МухІамадов ва районалъул жамагІат.







Мажлис байбихьана хирияб къуръан цІалиялдалъун. Хадубги жамагІаталда цере жакъасеб къоялъ гІумруялда ва диналда хурхарал суалазда сверухъ вагІза гьабун цере рахъана гІалимзаби. Хасго гьал ахирисел моцІазда тІадчІей гьарурал тадбиразул кІваралъул бицана.

«Имамасгун цадахъ 40 рагьалил как» марафоналъул хІасилалда тадбиралъул гІуцІарухъабаз 40 рогьалил как гьоркьоб течІел 150 васазе хІурматияб къагІидаялъ кьуна спортивиял велосипедал.

Мажлисалда гьединго 40 рогьалил как мажгиталда барал бихьиназда гьоркьоб кІиго ва марафоналда гІахьаллъарал лъималазул улбузда гьоркьоб цо гІумрабазулги можоро тІамуна.

УМУМУЗУЛ ГІАДАТАЛГИ ЦІУНУН

# ЦІулда росулъ оцбай

Умумуз ирсалъе нилъее тарал гІемерал лъикІал ишал руго. Гьединаздаса цояб буго ихдалил хІалтІабазе байбихьи лъолеб «Оцбаялъул байрамги». Гьелде цебеккунисеб ва лъикІаб хІадурлъи гьабулаан цебехун киналго магІарул росабалъ.

Исана гьединаб рохел гІахьал гьабизе ЦІулда росулъе рачІана мадугьалихъ росабалъа гІолилал, гьединго шагьаразда гІумру гьабулел ругел цІулдисезул гІадамалги.

Байрамалъул хІурматалда цебесеб къоялда росулъ тІобитІана субботник: рацІцІад гьаруна хобал, мадрасаялда цебе бугеб майдан, къватІкъоноял ва цогидалги бер щолел бакІалги.

Оцбаялъул рохалилаб байрам тІобитІана мадрасаялда нахъа бугеб майданлъиялда мугь хьваялъе рахьал раялдалъун. Гьенир рахьал раялъе тІоцебе ихтияр кьуна гІолилазе, хадуб кьир арал чагІазеги.

Рохалилаб байрамалда кІалъазе рахъараз гьарана рии гьарзаяб, рагІи-хер гІемераб, баракат бугеб, цІад-бакъ рекъараб, Украинаялда рагъкъал лъугІараб, дунялалдаго рекъел ккараб батагиян.

Араб соналъул оцбаялъул байрамалдаса хадур лъимал гьарурал хъизамаз майданалде росун рачІана гІемерал батІи-батІиял кванил нигІматал, горал.

Хадур тІоритІана спорталъул къецал, гІуцІун букІана 5 команда: «Алмало», «ЦІулда», «Гъизляр», «Ленинкент» ва «МахІачхъала». ТІоцебе байбихьана исана лъимал гьарурал улбул рекеризе тІамиялдаса. Хадур рекеризе риччана ясли-ахалъул гьитІичал, школалъул цІалдохъаби, гІолилал. ТІоритІана хІамул, чуял рекеризе риччаялъул, канат цІаялъул ва цогидалги бакІалдаса кІанцІиялъул, ядро рехиялъул къецалги. Канат цІаялда чІел босана «Алмало» командаялъ, эстафетаялда бергьана «ЦІулда» команда.

Спорталъул бергьаразе кьуна горал, гІарцулал сайгъатал. ТІасияб соналда оцбаялъул байрам тІобитІизе тІаде босана шагьаразда гІумру гьабулел гІолилаз, гьезие кумек гьабизе рагІи кьуна росдал гІолохъабазги.

Байрамалъул ахиралда тІобитІана цадахъаб кванагьекъейги. Рохалилаб тадбир гІуцІараб къагІидаялда аваданго ана.

# ГодекІанир щварал дарсал

МагІарул щибаб росулъ гІадин нижер ЦІулда росулъги буго годекІан. Росулъ бильлъараб гІадатлъун букІана бакъанил гІужалда хІалтІудаса эркенаб заманалда бихьинал гьенир данделъулеб.



Санаде рахъинчІел гІолилал риччалароан гьенире. ГодекІаниб хабар кколаан росулъ ккараб-таралъул, гІаммаб магІишаталъул, гІадлунизамалъул, хьвада-чІвадиялъул ва цогидалъулги.

Дир рекІелъ гьанжеги цІунун буго: хасго гІемер гІадамазда цере рахъулаан хараби-гІалимзаби – ГІумаров Камил, Амиров ГІусман, Гъудаев ГІали, ХІабибов ХІабиб, ИмангІазалиев МухІамад ва цогидалги. ГодекІаналда рицулаан гІакълаби кьолел харбал, гІолохъанаб гІелалъе гьарулаан ракІалдаса унарел насихІатал. Гьединго гІемер бицунаан гьез росулъе рачІарал гьалбазул хІурматадаб гьабизе кколеб куцалъул, тІоцебе гьоболасул мурадал тІуразаризе ккеялъул. Цебе гьоболасул гьабулеб букІараб хІурмат жавабияб ишлъун рикІкІунаан. Доб заманалда щибаб росулъ рукІунаан умумузул гьалбал. Инсуца лъазабулаан жидерго лъималазда пуланаб росулъа гьадинав чи жиндир гьобол вугилан. Гьоболасги гьобол хисулароан.

Гьанже гІун бачІунеб гІелалда магІарулазда гьоркьоб тІобитІун букІараб лъикІаб гІадат дагь-дагьккун кІочон толеб буго.

Гьелдаго цадахъ гІемерал умумузул рукІарал лъикІал гІадаталги ва хІалтІабиги лъаниги рехун толел руго, гьединго магІарул мацІги кІочон толеб буго. Хасго шагьаралда ругезда, рокъорги къватІирги гІурусалъ кІалъалел руго. ХІажат буго школазда ва ясли-ахазда магІарул мацІ цІуниялде кІвар кьезе. Хасаб кІвар буссинабизе хІажат буго рокъор лъималаздехун рахьдал мацІ бициналде.

ГІемерисел гІолохъаби рижараб ракьги рехун тун шагьаразде гочунел руго. Гьениб расниги бигьаго гьечІо авар мацІ цІунизе. Щайин абуни, Дагъистан буго гІемер миллатал ругеб республика. Гьенир школазда, ясли-ахазда ва цІалул заведениязда хІалтІизабулеб буго гІурус мацІ. Гьеб гьедин букІинеги ккола. Гурони кинабгІаги иш цебе инаро. Амма эбелинсуца кІвар кьезе ккола рокъоб лъималазда рахьдал мацІ малъиялде, гьедин гурони гьеб цІунизе батІияб ресги бихьуларо.

*ХІ. ГІУМАРОВ,*
*ЦІулда росу*

СПОРТ

# «Танк» жиндир цIайиялда тIоцевесев

**Цоги рохараб хабар районалъе ва республикаялъе – нилъер ракьцояв, цIар ргIарав гугарухъан ГIабдулрашид СагIдулаев иргадулаб нухалда, жиндирго гьунаралъул тIокIлъиги бихьизабун, анлъабилеб нухалдаги эркенаб гугариялда Россиялъул чемпионлъун вахъана.**







Баркула ГIабдулрашидида бергьенлъи! Гьарула гьесие кидаго борхалъиялда хутIи, киналго кьецазулъ лъикIал хIасилал ккей, чорхое къвакIи, гьунаралъул цIубай ва сундулъго икъбал.

Ракьцоязе кIудияб чIухIиги рохелги букIуна СагIдулаевасул бажариялдаса ва киналго щварал бергьенлъабаздаса.

КЕПАЛ ХАРБАЛ

### ТАЛИХI КЬЕГИ ДУЕ

Болнухда гIодовги чIун гьардолев вукIанила херав чи. Гьесда цевеса унев чол рекIарас херасда гьурмалъ цIал банила.

- ТалихI кьеги дуе, - ян ахIанила херас гьесда хадуб.

- Дур сабруялъул тIадегIанлъи, кIудияв чи, - илан абунила гьеб лъугьа-бахъин бихьарав цо чияс.

- Сабру щиб букIинеб, - ян жаваб кьунила херас, - талихIав вукIаравани, дов гьададигIан щцидалавги вукIинароан, дир гьурмалъ цIалги балароан.

### ВАСИЯТ

Хвалил боснов вегарав херав инсуца васасе гьабунила гьадинаб ахирисеб васият:

- Аллагьас дие кьурал къоял ахиралде щолел ругилан ккола, дир вас, - ян абунила гьес. – Дир буго дуе рагьизе хутIараб балъголъи. Дуда киданиги кIочон тоге кIиго жо. Гьезулъ букIана диргьи гIумруялъул битIккей. ТIоцебесеб – дуца кидаго кквечиясе кьураб рагIи. Щиб-кин кканиги, сундего вачIинчIого хIаракат бахъе тIаде босараб иш ракIбацIцIадго тIубазизе. Гьеб букIана дицаги цебе лъураб масъала, гьез цере рачана дир гьарулел ишал, гьелъ квербакъун икъбал ккана, баракат лъуна дир гIумруялда. КIиабилебги – дуца киданиги лъиениги рагIи кьоге щиб букIаниги гьабизе. Дуда лъаларо Аллагьасул хIукму кинаб бугебали.

### ГIАМАЛ КИН ТЕЛЕБ?

Рокъой лъадиги тун, цо чи кьогониги соналъ щибаб сордойил хьваданила жиндирго йокьулелъухье. Сордо бащалъудаса араб гIужалъ рокъове тIадги вуссунаанила гьев. Хехаб унтиги чIван хванила гьесул чIужу. ГIагарлъиялъ абунила, нижеда лъалин дур йокьулей йигейлъиги, гьей лъадилъун рокъой ячун лъикIин дуца гьанжейин.

- Гьеб лъугьунеб жо гуро, цоги чIужу ячине бегьила, - ян абунила гьес.

- Гьелъул магIна щиб? – илан гIажаиблъанила гIагарал чагIи.

- Гьелъул магIна буго гьадинаб, - ян абунила гьес, - кин дица рехун телеб кього соналъ дун ругьунлъун ккараб гIамал-хасият. Дица гьей гIадан лъадилъун рокъое ячани, лъихъе дун инев щибаб сордоялъ рекIелгьеялъе, ургъел бикьизе, рокьул бицине. Гьеб нужеца абулеб жо букIунеб, лъугьунеб жо гуро.



### МАГIАРУЛАВГИ ГIУРУС МАЦIГИ

Росулъа шагьаралде вачIарав цо магIарулав, берцинай гIурус ясалъулгун лъайхьвайги ккун, гьейги ячун ун вуго кафеялде чай гьекъезе.

АскIое ячIарай официанткаялъ щиб нужое босун бачIинебилан гьикъидал, кIиго чай босун бачIаян гIурус мацIалда, «два» яги «две» стакан чая» гьалатI ккечIого абизе лъаларого вукIарав гьес, рекIедаги ватун, абун буго:

- Три стакан чая принеси, потом один сразу убери, - йилан.

### РОСУЛЪЕ ЧАН КИЛОМЕТРА БУГЕБ?

Жеги росулъе щвечIев гьочосес МахIачхъалаялда гьикъун буго КъурахIида:

- КъурахI, МахIачхъалаялдаса нилъер росулъе чан километра бугеб? – илан

КъурахIица, дагьалъ ургъизеги ургъун, жаваб кьун буго:

- Росу бокьулесе нусго километраги гьечIо, гьеб бокьуларесе азаргоялдасаги цIикIкIун батила, - ян.

*ХIабиб ДАВУДОВ*

## Авар кицаби ва абиял

БахIарчилъи рагъда гуребги бихьизабизе бегьулебила.

БахIарчилъиялда цадахъ хIиллаги букIине кколеб. (МагIарулаз гьаб кици ХIажимурадиде гIунтIизабула. Гьес гIемер абулел рукIун руго гьал рагIаби).

БахIарчияс бадибе абула, хIалихьат нахъасан кIалъала.

БахIарчияс балъголъи хабалъе босулеб.

БахIарчияс бахIарчиясе зарал гьабулареб.

БахIарчияс гIайиб жиндаго чIвала, хIалихьатас гIайиб чияде рехула.

БахIарчияс загIипасдаса къисас босулареб.

БахIарчияс къо хIехьола, хIалихьатас мугъ рехула.

БахIарчиясдаса хIинкъуге, хIалихьатав гьудуласдаса хIинкъа.

БахIарчиясе рагIи хвей – живго хвей гIадаб жо.

БахIарчиясул бахIарчилъи носол балада бараб жойила.

БахIарчиясул кIиго рагIи букIунареб.

БахIарчиясул кIиго рачел букIунеб, цоябниги чучани, чилъи холеб.

БахIарчиясул надалда – меседил мугъру, цIукIаясул мугъалда – карпиталъул дангъва.

БахIарчиясул цIар кибего рагIула.

БахIарчиясул чIухIи – кьалда бергьин, хIалихьатав чиясул чIухIи – кванан бергьин.

БахIри гьечIев чанахъан – чухъа гьечIев нуцалчи.

БахIриялъул хIал лъачIого, ручниб гIанкI кьинлъулареб.

Бацизе кIолареб кIалтIугIи рагьуге, кIалалъ бичизе кIолареб гарацIги баге.

БацI бихьараб хIама хIохьокьаги хIинкъулебила.

БацI гьечIеб кIкIалахъ гIанкIгIи ханила.

БацI гьечIеб рохь букIунареб, вехь гьечIеб гIи букIунареб.

## Аттестат билун буго

Арчиб гьоркьохъеб школалъ 2020 соналда ХIасанов ХIасан ГIисаевичасул цIаралда кьураб аттестат 00518001945199 билун букIиналда бан, **гьеб хIакьикъиябгьун рикIкIунаро.**

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** МухIамадова Земфира Жамалудиновна
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** ПатIимат АхIмадова
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева

**Газета гIуцIарал:** **«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:** **Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*